

Konsèy sou komunikasyon

Pou fanmi elèv ki gen andikap yo

Travay ak kominike pozitivman avèk pèsonèl lekòl la



Sanble tankou



Sonnen tankou

Kominike byen klè



Raple tout moun pwen fò pitit ou.



"Tanpri sonje andikap la se sèlman yon pati nan pèsonalite pitit mwen an. Li gen anpil pwen fò ak karakteristik inik."



Koute lòt moun avèk yon lespri ki louvri epi bay lide pa w yo.



"Mwen dakò pitit mwen an bezwen amelyore konpreyansyon lekti li. Èske nou ka adapte orè a pou li resevwa ansèyman entansif pandan leson lekti ki pwograme nan klas regilyè a?"



Pran yon apwòch etap pa etap pou rezoud pwoblèm ak pwopoze lide ou pou solisyon yo. Montre ou konprann bagay yo kapab chanje aprè yon tan.



"Mwen pa sèten estrateji sa a pral fonksyone ak pitit mwen an, donk ann eseye li epi pale sou li ankò nan de (2) semèn. Si sa a pa mache, mwen gen yon lòt lide nou ta kapab eseye."



Pran nòt anvan, pandan ak aprè reyinyon ak manm ekip Plan Edikasyon Endividyèl (Individual Educational Plan, IEP) pitit ou a. Sèvi ak egzanp konkrè, espesifik lè w pataje enkyetid ou yo.



"Mwen ta renmen pataje enkyetid mwen avèk ou konsènan bezwen sipò komini-kasyon pitit gason/pitit fi mwen an. Li bezwen yon kominikatè espesyal pou li kapab kominike chwa li yo. Nou itilize aparèy sa a lakay nou pou nou fè chwa sou manje, aktivite ak rad."



Poze kesyon pou konprann toude bò yon pwoblèm. Mande yon dezyèm opinyon nan men lòt pwofesè oswa administratè lekòl la.



"Mwen pa kwè mwen konprann pouki-sa yo te mete pitit gason/pitit fi mwen nan yon pwogram lekti diferan. Èske w ka esplike kòman desizyon sa a te pran? Mwen panse mwen ta renmen tou antrenè lekti a di m plis sou pwogram nan."

Fè yon plan



Rantre an kontak pi bonè w kapab avèk lekòl pitit ou an.



Pran randevou espesyal pou pale sou enkyetid oswa pwoblèm espesifik.



Dakò sou yon sistèm kominikasyon komen.



"Mwen ta renmen nou rankontre anvan pwochen ane lekòl la pou planifye tranzisyon pitit mwen an nan pwochen klas la ak bezwen sipò li yo."



"Mwen enkyete sou kèk devwa pitit mwen an ap pote lakay mwen. Kilè ki t ap yon bon moman pou nou pale sou sa?"



"Ki pi bon fason pou nou kominike regilyèman pandan tout ane a?"

Montre sipò w ak volontè w pou vin yon asosye



Rekonèt konpetans pwofesè an



"Mwen konnen ou se yon pwofesè ki gen anpil konesans ki gen anpil estrateji diferan pou travay ak pitit mwen an."



Patisipe nan pwosesis oto-evalyasyon lekòl la nan Pi Bon Pratik nan Edikasyon Enklizif (Best Practices in Inclusive Education, BPIE), aktivite ak/oswa komite fanmi-lekòl la.



"Mwen disponib pou m fè benevola pou Pwogram Enstriksyon Bazik Anglè (Basic Program of Instruction in English, BPIE), Asosyasyon Paran-Elèv (Parent-Teacher Association, PTA), Komite Konsiltatif Lekòl la, Klèb Sipò, Sal Resous pou Fanmi, oswa pou m fè materyèl lakay mwen."



Voye mesaj pozitif bay pèsònèl la. Fè yo konnen ou sousye de efò yo pou edike pitit ou a avèk ou vle bati yon relasyon pozitif ant lekòl la ak lakay ou.




"Nou vrèman panse efò w ap fè anplis yo ap bay rezilta pou pitit gason m nan/pitit fi m nan. Mwen kontan anpil pou pwogrè pitit mwen an fè ane sa a, men mwen ta renmen konnen kòman mwen ka ede l plis lakay mwen."



Kenbe konpòtman pitit ou an nan pèspektiv.



"Èske sa pitit mwen an ap fè yo nòmral pou timoun laj li oswa se yon bagay ki gen rapò ak andikap li a?"



Eskane kòd QR la pou w wè lòt resous fanmi Rezo Enklizyon Florid (Florida Inclusion Network, FIN) yo sou pi bon Pratik pou mete elèv andikape yo nan yon anviwonman ki gen mwens restriksyon posib.

Pou konnen kòman pou w kontakte Fasilitatè Rezo Enklizyon Florid (Florida Inclusion Network, FIN) ou a rele nan 1-888-232-0421 oswa vizite sit entènèt FIN la nan www.FloridaInclusionNetwork.com.

Rezo Enklizyon Florida a se yon pwojè leta Lwa sou Edikasyon Moun ki Andikape (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA)-finanse, Depatman Edikasyon Florida, Divizyon Lekòl Piblik yo Sòti Lekòl Matènèl rive nan 12yèm ane, Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Elèv jere.